

Yon Chanjman nan Peyi Ayiti

Merline Dieujuste, Inivèsite LaFlorid

“Kreyòl se prensipal chemen konesans pi fò Ayisyen
genyen espesyalman timoun ant 6 an ak 18 an.” -- Iv Dejan.

Entwodiksyon

Nan yon peyi kote majorite moun pale kreyòl, lekòl dwe fèt an kreyòl. Tout aspè edikasyon dwe an kreyòl. “Nou dwe sèvi ak lang kreyòl la kòm yon mwayen pou elèv aprann li, aprann ekri, devlope konesans yo an divès branch...sa pa fè sans si elèv p ap kapab sèvi ak kreyòl pou aktivite y ap 0mennen nan peyi yo, nan sosyete yo kote kreyòl dwe gen yon plas ofisyèl, sitou nan ekriti.” Dejan di nan liv li: “moun deja gen sèten lide sou koze lang nan lespri yo menm si yo pa konn sa.” Mwen jwenn istwa Dejan bay de mè lekòl yo avèk ti kreten yo kòm pi bon istwa nan liv la. Malgre elèv yo enskri nan lekòl katolik e y ale nan klas relijyon yo toujou pa konnen sa yo dwe konnen. Akoz mwen di yo pa konnen sa yo dwe konnen sa pa vle di yo sot. Yo pa konnen anyen nan franse men yo konnen anpil, pale anpil, yo mande anpil keksyon an kreyòl: sa se lang manman yo.

Òtograf ayisyen

Nan liv, *Yon lekòl tèt anba nan yon peyi tèt anba*, Dejan esplike jan kreyòl yon lang ki pi regilye pase lòt lang nan peyi a. Lang angle a genyen 40 fonèm men òtograf angle a ekri li 1120 fason diferan. Kreyòl pi senp. Nou gen 26 oubyen 27 son deferan ki ekri 7 grenn fason diferan, depi nan 1980. Lèt *a, an, à, e, è, en, o, ò, on, ou* bay menm son an nan nenpòt mo ou mete li. Angle diferan paske li depann sou mo a; 2 mo ki gen menm lèt a ka pwononse diferan. Sa mwen pa

kapab konprann se: poukisa nou gen òtograf sa depi lontan men nou pi pito sèvi avèk lang feblès la (franse).

Ayiti: yon pè lang?

Iv Dejan (*Yon lekòl tèt anba nan yon peyi tèt anba*) esplike kat pozisyon posib pou lekòl an Ayiti. Premye pozisyon an mande pou fè lekòl an franse. Ayiti deja nan premye pozisyon; nou gen sistèm sa deja. Sistèm sa pa travay. Li ap bay move rezilta. Dezyèm pozisyon an mande pou sistèm lekòl la sèvi avèk kreyòl kòm wout pou franse. Twazyèm nan mande pou Ayiti gen de pè lang. Gwo peyi ki gwo peyi pa gen pè lang e moun vle pou Ayiti gen pè lang. Li pa fè sans. Dejan bay nou senk rezon li pa posib pou Ayiti gen pè lang. Poutèt rezon ekonomik, jewografik, sosyal, pedagogik e tan, Ayiti pa ka gen pè lang. Ayiti pa kole avèk lòt peyi ki pale lòt lang pou yo ka benyen nan lang nan. Pa gen ase pwòfesè ki pale ni kreyòl ni franse; pa gen ase tan. Dènye pozisyon an, se pozisyon Dejan ap esplike nan tout liv li a. Lekòl an kreyòl nèt. Lekòl an kreyòl fè sans poutèt Ayiti se yon peyi kote majorite moun pale kreyòl. Se yon minorite moun ki pale franse, e yon ti ponyen men moun ki pale kreyòl e franse. Ayiti pa bezwen yon pè lang. Se poutèt rezon sa Eskrab an kreyòl ta byen ede moun an Ayiti. Nou wè nan tout liv Dejan, li vle konvenk moun: lekòl dwe fèt an kreyòl. Eskrab se yon jwèt ki trè senp. Mwen wè li tankou yon jwèt nenpòt moun ka jwe. Li pli senp pou moun ann Ayiti, lang peyi a se kreyòl. Elèv an Ayiti ap pedi bon ane de konesans poutèt yon sistèm lekòl tèt anba.

Yon lang kapab fikse?

Yon pawol mwen jwenn enteresan se lè Dejan ekri yon deklarasyon nan konstitisyon ki: “...mete yon Akademi pou li fikse lang kreyòl la.” Lang kreyòl la pa ka fikse. Si yon moun vle ranje yon lang sa vle di lang la gen yon pwoblem. Kòman ou fiske yon lang? Lang kreyòl la pa kraze. Dejan di nou: “jou yo fikse [yon lang] se mouri yo mouri. Li esplike lespri moun toujou ap fè mouvman, e lang lan an mouvman avè l. Dejan founi nou avèk yon solisyon pou pwoblèm fikse lang la. Li di: “Yo [gouvènman] mete yon biwo, nan inivèsite leta a, pou li fikse yon pwogram etid ak rechèch sou lang kreyòl la. Dekwa pou etid ak rechèch sa yo fèt anfòm, ann òd epi selon prensip lasyans, e pou leta depanse lajan ki nesèsè pou rechèch sa yo.”

Eskrab nan peyi Ayiti

Eskrab se yon jwèt ki ta byen bon pou moun ann Ayiti men fòk jwèt la akomode timoun kòm granmoun; granmoun ki pa pase ban lekòl. Moun ki pale yon lang gen pouvwa pou yo “rekonèt si fraz byen anfòm, oubyen si yo pa anfòm nèt.” Sa se avantaj moun ann Ayiti, espesyalman elèv yo, ki jwe Eskrab an kreyòl ap genyen. Avantaj sa ap ede yo aprann ekri. Ayisyen ap aprann prensip jwèt la e aprann ekri menm jan san yo pa konnen. Jwèt Eskrab an angle enpòtan pou Ameriken. O Zetazini Eskrab kapab ede timoun kòm granmoun aprann eple mo ann angle e li ka ede yo ekri tou. Menm bagay Eskrab fèt an angle, li kapab fè an kreyòl. Eskrab an kreyòl se teknoloji Ayiti bezwen pou moun ka alfabetize nan peyi Ayiti. Jwèt la ta pi benefisye elèv ann Ayiti ki chita nan lekòl ki fèt pou franse. Nan liv, “*Yon lekòl tèt anba nan yon peyi tèt anba,*” Dejan esplike jan elèv ki ann Ayiti pa aprann an kreyòl; sa vle di granmoun yo pa te aprann li e ekri kreyòl ositou. Entansyon jwèt la se pou moun ki ap jwe a fè mo avèk lèt yo te chwazi nan yon chache san gade. Nan fè sa jwè a aprann ekri mo li konnen e sa li pa te konnen. Elèv kapab sèvi avèk kòm yon aktivite estra pou elèv fè lakay yo. Li ta yon bon lide si

pwofesè lekòl yo ta sèvi avèk Eskrab kòm yon jan pou elèv aprann vokabilè. Eskrab se yon jwèt kote tout fanmi ka jwe.

Eskrab an kreyòl ta ede alfabetize Ayisyen pi vit pase lekòl te anba ki ann Ayiti. Mwen wè Eskrab se yon pi bon altènativ pou timoun ak granmoun. Ayisyen ki pa gen tan ale chita nan bann lekòl. Li pi bon pase chita nan bann lekòl paske elèv lekòl pa menm konprann sa y ap aprann nan lekòl tèt anba.

Eskrab e òtograf

Dejan bay yon egzanp de kèk son mo an kreyòl fè. Nan jwe Eskrab moun ka aprann fè son mo e son sa yo ka rete avèk yo e yo kapab kòmanse ekri kreyòl. M ap sèvi avèk tèt mwen pou yon moman kòm egzanp. Mwen konnen mwen pa konn eple anpil mo an kreyòl, men pandan mwen kòmanse jwe Eskrab mwen aprann pwononse lòt mo moun ki ap jwe yo eple. Li mwen pwononse mo sa yo mwen ka chwazi se pou m mande moun nan defi oubyen si mo yo ekri a bon. Jan mwen tande son mo yo rete avèk mwen e mwen ka ekri yon fraz sou son mwen tande.

Konklizyon

Dejan di nou nan dènye chapit la: leta se nou, nou se leta. Nan sans sa, se Ayisyen ki fè leta, sa vle di leta dwe travay pou pèp ayisyen an; pou benefisye pèp ayisyen an. Nan peyi Ayiti, gen yon sèl lang, si nou ta sèvi avèk li, nou ta byen avanse. Ayiti pa tankou lòt peyi, pa gen de lang. Se yon sèl lang. Nou te ka yon peyi ki pwodui elèv entelijan. Olye nou nimewo 200 nan lis peyi ki fò nan akademi, nou ta nimewo 3, 4 oubyen 5. Dejan konvenk mwen depi nan premye

paj lè li di pou lekòl fèt an kreyòl. Anpil moun ap fache si kreyòl ta ranplase franse men kreyòl se sa ki bon pou elèv an Ayiti. Ayiti bezwen yon chanjman e liv Dejan se premye pa pou chanjman sa.